



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU APÈL SEKRETÈ HHS LA  
XAVIER BECERRA KONSÈNAN PLAN ADMINISTRASYON BIDEN LAN POU AKEYI  
JISKA 100,000 REFIJYE K AP KOURI POU LAGÈ TÈRIB PUTIN LAN**

"Maten sa a, mwen te pale ak Sekretè Becerra pou reyitere volonte ak preparasyon Eta New York pou ede moun k ap sove fas ak vyolans flagran ki ebranle Ikrèn ak rejyon an. Antanke lakay fyè pi gwo kominote Ikrenyen Ozetazini, nou rekonesan anvè Prezidan Biden pou lidèchip kontinyèl li nan moman kriz mondyal sa a e nou bat bravo pou angajman Administrasyon li a pran pou akeyi moun k ap kouri pou lagè terib Vladimir Putin lan.

"Eta nou an gen yon istwa rich ki long kòm yon azil ki an sekirite pou popilasyon ki deplase akòz konfli, enkli pèp Ikrèn lan, plizyè milye ladan yo te etabli nan eta nou an pandan plizyè deseni. Menm jan Estati Libète a kanpe nan pò nou an pou akeyi moun ki nan bezwen yo, Nouyòkè yo pare pou ede nan nenpòt fason posib pou ede soulaje soufrans refijye Ikrenyen yo epi asire yon tranzisyon san pwoblèm nan kominote nou yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)